# Chirevamwene (possesive)

Chidudzirazita chinoratidza muridzi (mwene) wechinhu chirikutaurwa nezvacho. Chirewamwene chinowanzowirirana nezita rachirikududzira
sokuti:
chikoro chedu pamba pasekuru

Zvivakashure zvezita ririkududzirwa zvakafanana nezvivakashure zvezvirewamwene zvacho. Asi dzimwenguva zvinogona kusadaro
sokuti:
murume wake mapadza avasekuru

Muenzaniso wekupedzisira pamusoro unoratidza kuti tinogona kushandura zita kuti riite chirevamwene:
a- + vasekuru.
Mawara anoshandiswa kushandura zita kanazvidudzira mazita kuiita zvirevamwene anonzi zvivakashure zvezvirevamwene (possessive concords).

Mimwe mienzaniso yekushandiswa kwemazita nezvidudziramazita kuumba zvirevamwene.
Mwana wa-sekuru
Chikoro cha-vakuru
Motokari dze-hurumende
Nyika ye-Zimbabwe
Jira ra-vo

Mumienzaniso iri pamusoro tashandisa mazita okuti sekuru, hurumende naZimbabwe, chisazitasingwi ivo nechipauro vakuru kuti tigadzire zvirevamwene.

**Maumbirwo echirevamwene**

Kune mhando mbiri dzezvirevamwene muChiShona dzinoti chirewamwene chinoratidza muridzi wechinhu nechirevamwene chinotsanangura chinhu.

Kuumbwa kwazvo kwakafanana:
Chiwedzera chechirevamwene+ -a-(vara rinoshanduka) +-dzitsi rechirevamwene.
Sokuti: w-+-a-+-sekuru= wasekuru y-+-e-+-Zimbabwe

Tinogona kushandisawo zviito sedzitsi rechirevamwene
sokuti:
re-+-kuchekesa nyama
cho-+-kurovesa vanhu

**Mhando dzezvirevamwene**

1. Chirevamwene chinoratidza muridzi wechinhu.
   Pane mando mbiri sezvizvi:
   a) Boka rinoshandisa mazita semadzitsi
      sokuti:
      ch- +-o-+-vakomana avo (chiwedzera chechirevamwene+zita+chiratidzi)
   b) Boka rine madzitsi akaumbwa nezvisazitasingwi
      sekuti: rw-+-e-+-du zv-+-a-+-dzo tw-+-a-+-ngu

2. Zvirevamwene zvinotsanangura chinhu
   a) Zvinoratidza mhando yechinhu:
      sokuti:
      mwana wechikoro,
      dare redzimhosva
   c) Zvinoratidza basa rechinhu:
      sokuti:
      banga rechingwa,
      demo rekutemesa
   d) Zvinoratidza chakagadziriswa chinhu:
      sokuti:
      doro rezviyo,
      ndiro ye muti
   e) Zinoratidza chinogara chinhu
      sokuti:dura remabhuku
      kana saga reupfu
   f) Zvinoratidza nzvimbo
      sokuti:
      kwaZvimba (dunhu raIshe Zvimba),
      maMutasa (dunhu raIshe Mutasa)
   g) Zvinoratidza muridzi
      sokuti:
   h) i)Chiwedzera sa- (Chinobatanidzwa nemazita emupanda 1a,3,5 ne9)
      sokuti sa-musha (3),
      sa-zita (5)
      sa-chigaro (1a)
      nasa-imba (9)

      ii) Chiwedzera nya- chinobatanidzwa nemazita emupanda 15
      sokuti:
      nya-kurova

      iii) Chiwedzera -zvina- chinobatanidzwa nemazita emumupanda 1,2,3,4,5,6,7,8,9,10,11 ne14
      sokuti:
      mu-zvina-doro,
      mu-zvina-imba